

POU : Prezidan ak Manm, Komite Skolè Boston an

YON MESAJ : Doktè Brenda Cassellius, Sipèentandan

DAT LA : 27 janvyè 2021

SIJÈ A : Pwopozisyon pou Fleksibilite nan Regleman yo pou ane skolè 2020-2021

Pandan tout ane skolè 2020-2021 an, distri a t ap mete sou pye yon plan pou egzekite yon rekipasyon ekitab kont koupi ki te fèt nan aprantisaj yo kòm konsekans fèmte lekòl yo pandan ane skolè 2019-2020 an. Strateji nou a konsantre sou yon plan ansèyman solid ki baze sou standa, ki abòde kesyon aprantisaj enkonplè elèv yo, epitou ki enkòpore, an menm tan, kèk pratik sosyal e emosyonèl ladan l. Nan menm peryòd la, nou t ap evalye enpak kontinyèl pandemi COVID-19 la sou elèv nou yo, e nou rekonèt nesite pou n modifiye kèk nan regleman nou yo tanporèman, dekwa pou n kapab founi elèv nou yo meyè chans posib pou yo resyisi nan afè lekòl yo pandan peryòd difisil san presedan sa a. Pakonsekans, m ap rekòmande yon fleksibilite tanporè nan regleman sila yo ki kontwole afè pwomosyon/retansyon (redoubleman klas), prezans, egzijans pou afè diplòm, ak pwogram Klas Travay Avanse yo (AWC) pou ane skolè 2020-2021, e m ap rekòmande pou Komite Skolè a akòde m otorite tanporè pou m detèmine standa apwopriye yo pou regleman sa yo pou rès ane skolè a.

Anba a w ap jwenn yon rezime pou chak regleman ki egziste, kèk chanjman ke Komite Skolè a oswa Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a (DESE) te apwouve tanporèman pou ane skolè 2019-2020 an, chanjman tanporè nou te mete sou pye pandan ane skolè 2020-2021 an (si apwopriye), ak chanjman ki pwopoze pou rès ane skolè 2020-2021 an. N ap pral ba w kèk done siplemantè nan prezantasyon n ap pral fè pou ou a, jou 27 janvyè, 2021.

### **Pwomosyon ak Retansyon (Redoubleman Klas)**

Regleman

[Regleman](#) ke [Sikilè CAO-01 Circular](#) a mete sou pye :

N ap pwomote elèv yo pou y al nan pwochenn nivo klas yo lèske yo resevwa yon nòt pasaj (reyisit) nan kèk klas patikilye, ansanm ak yon nòt pasaj (reyisit) nan kèk evalyasyon patikilye.

Chanjman Kle pou ane skolè 2019-2020	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Pa genyen elèv nou te kenbe pou redoubleman</li> <li>● Elèv ki te genyen kèk enkyetid parapò a afè lekòl yo te resevwa yon "Plan pou Reyisit Elèv" pèsonalize</li> <li>● Nou te founi aprantisaj pandan sezon ete a pou elèv sila yo paran yo te mande konsiderasyon pou yo pou yo pa double klas yo</li> </ul>
Chanjman Pwopoze pou ane skolè 2020-2021	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Retansyon yo (redoubleman yo) ap mande pou direktè lekòl la siyen pou apwouve yo</li> <li>● Elèv ki genyen kèk enkyetid parapò a afè lekòl yo ap resevwa yon "Plan pou Reyisit Elèv" pèsonalize</li> <li>● N ap founi aprantisaj pandan ete a pou elèv sila yo paran yo mande kèk konsiderasyon pou yo pou yo pa double klas yo</li> <li>● Nou ka egzije patisipasyon nan lekòl ete, leson patikilye, oswa kèk lòt aprantisaj siplemantè</li> </ul>
Kèk Done Apwopriye	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Ant jen ak oktòbe nou te idantifye 1.117 elèv kòm elèv nou te kenbe nan klas yo pou yo double, konpare avèk 1.984 elèv pou ane avan an.</li> <li>● Elèv gason nwa ak gason latinx yo, ansanm ak elèv ki genyen andikap (SWD) ak elèv k ap aprann angle (ELs) te konstitye yon pati dispwopòsyone nan redoubleman yo.</li> </ul>

<b>Prezans</b>	
Regleman	<p><a href="#">Regleman</a> ke <a href="#">Sikilè ACA-18 Circular</a> a mete sou pye :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Yon elèv dwe prezans lekòl pou omwen demi-jounen pou n kapab make 1 "prezan" (ki egal a anviwon 3 èdtan)</li> <li>● Yon elèv ki genyen plis pase 3 absans ki pa ekskize pandan yon trimès, oswa plis pase 12 absans ki pa ekskize pandan yon ane skolè, ap resevwa yon nòt "San Kredi"</li> <li>● Direktè lekòl yo ap genyen responsabilite final la pou yo amelyore prezans elèv yo nan lekòl yo, epitou asire ke manm pèsònèl yo konfòm.</li> <li>● N ap refere elèv ki genyen plis pase 3 absans ki pa ekskize bay yon Ekip Sipò pou Elèv (SST)</li> <li>● Pwofesè yo ap anrejistre prezans elèv yo chak jou</li> </ul>
Chanjman Kle pou ane skolè 2019-2020	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Prezans yo ap anrejistre chak jou nan semèn nan avan 11 è dimaten, rive chak vandredi</li> <li>● Prezan : Elèv ki patisipe nan kèk nan opòtinite, oswa tout opòtinite aprantisaj aleka yo</li> <li>● Absan : Elèv la te absan nan aktivite aprantisaj pwograme yo</li> <li>● Pa t genyen kontak : Pwofesè a pa t kapab kontakte elèv la ditou</li> </ul>

<p>Chanjman Pwopoze pou ane skolè 2020-2021 an</p>	<p>Gade <a href="#">Pwotokòl Distri BPS la ane skolè 2020-2021 Prezans Elèv pandan Reouvèti a, Pandemi COVID-19</a></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● DESE te pibliye yon mesaj sou prezans pandan ete a, e l te pote klarifikasyon ke atant yo ak regleman yo pou prezans nòmal ap aplikab pou ane skolè 2020-2021 an</li> <li>● Pwofesè yo anba obligasyon pou yo anrejistre prezans elèv yo chak jou, ni <u>aleka</u> ni <u>an pèsòn</u>.</li> <li>● Pwofesè yo dwe idantifye kèk metòd altènatif pou yo detèmine prezans asenkwon yo (ki pa nan menm lè ak lè klas yo), byenke nouvo egzijans pou tan aprantisaj yo ke DESE striktire a mande pou aprantisaj senkwòn fèt chak jou (sètadi, aprantisaj ki fèt nan menm lè ak lè klas yo)</li> </ul>
<p>Kèk Done Apwopriye</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>● To prezans kotidyen an an mwayèn (ADA) pou ane skolè 2020-2021 an se 90%, ki yon ti jan pi ba ke l te ye ane nan avan yo (ADA a te varye ant 91,9% e 92,9% ant 2014-2015 e 2019-2020).</li> </ul>

<p><b>Evalyasyon</b></p>	
<p>Regleman</p>	<p><a href="#">Pwomosyon Regleman</a> ke <a href="#">Sikilè CAO-2 Circular</a> a te mete sou pye</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Elèv yo dwe pase sèten standa nan ELA (gramè/literati angle) ak matematik pou n kapab pwomote yo al nan pwochè nivo klas la epitou resevwa yon nòt pasaj (yon nòt reyisit)</li> <li>● Elèv ki pa satisfè omwen youn nan standa sa yo sou nivo klas egzije yo dwe patisipe nan yon pwogram ete</li> <li>● Elèv ki nan klas 11yèm ak 12yèm ane ki pa reyisi nan egzamen MCAS yo dwe patisipe nan yon pwogram ete</li> </ul>
<p>Chanjman Kle pou ane skolè 2019-2020</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Elèv ki nan klas 3yèm jiska 11yèm ane ap konplete 2 evalyasyon ELA ak 2 evalyasyon matematik ki aliye a standa rekiz ke DESE idantifye</li> <li>● Evalyasyon yo genyen ladan yo 5 a 8 eleman e yo pran anviwon 20 a 30 minit pou konplete</li> <li>● Nou itilize kèk platfòm (lojisye) aprantisaj adapte tankou : “Lexia Core5”, “Imagine Learning”, ak “Exact Path” pou n suiv devlopman konpetans elèv klas jadendanfan K0 jiska klas 2yèm ane yo</li> <li>● Nou te itilize sa yo ak kèk lòt done pou rekritman pou aprantisaj ete a</li> </ul>
<p>Chanjman Pwopoze pou ane skolè 2020-2021 an</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Pou ane skolè 2020-2021 an, nou atann lekòl yo bay yon evalyasyon komen pou ELA (gramè/literati angle) ak matematik nan chak nivo klas omwen de (2) fwa. Lekòl yo ka itilize yon evalyasyon ke distri a apiye (tankou : MAP Fluency, MAP Growth, BPS Interims) osinon chwazi pwòp evalyasyon pa yo.</li> </ul>

Kèk Done Apwopriye	<ul style="list-style-type: none"> <li>● <u>MAP Fluency ak MAP Growth Reading</u> : Pami klas jadendanfan K2 jiska klas 11yèm ane, 23.257 elèv (53%) ki fè pati 99 lekòl te patisipe nan peryòd otòn nan.</li> <li>● <u>BPS Interims</u>: 29% nan elèv Lekòl Piblik Boston yo ki nan klas 2yèm jiska 11yèm ane te patisipe nan egzamen Interim 1 ELA la (gramè/literati angle) nan 62 lekòl epi 33% elèv Lekòl Piblik Boston ki nan klas 2yèm jiska 11yèm ane te patisipe nan egzamen Interim 1 matematik la nan 64 lekòl.</li> </ul>
--------------------	---

<b>Remiz diplòm</b>	
Regleman	<p><a href="#">Regleman</a> ke <a href="#">Sikilè CAO-01 Circular</a> a mete sou pye : Elèv yo anba egzijans pou yo reyisi nan pati ELA (gramè/literati angle), matematik, ak syans egzmen MCAS la pou yo satisfè Detèminasyon Konpetans (CD) yo pou Eta Massachusetts.</p>
Chanjman Kle pou ane skolè 2019-2020	<ul style="list-style-type: none"> <li>● BESE te otorize yon dewogasyon dijans parapò a egzijans CD yo, kote ke elèv yo kapab montre konpetans yo nan yon matyè teste atravè yon sètifikasyon distri a ki montre ke elèv yo konplete yon kou aliyen.</li> <li>● Nou te garanti elèv klas 12yèm ane ki resevwa yon nòt "enkonplè" pou 3yèm trimès la yon opòtinite pou yo patisipe nan aprantisaj aleka pandan ete a pou yo kapab amelyore nòt 3yèm trimès yo.</li> </ul>
Chanjman Pwopoze pou ane skolè 2020-2021 an	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Jou 26 janvyè, BESE pral vote pou yo pwolonje pwosesis modifye a sot nan ane skolè 2019-2020 rive jiska klas ane 2021.</li> </ul>
Kèk Done Apwopriye	<ul style="list-style-type: none"> <li>● 79% nan klas tèminal aktyèl la (Klas 2021) satisfè tout egzijans CD yo.</li> <li>● Nan moman sa a genyen 14 apèl MCAS ki te soumèt ane sa a, avèk yon lòt 50 soumisyon ankò ki planifye pou mwa fevriye. Ka genyen plis apèl ki soumèt pandan sezon prentan an.</li> </ul>

<b>Klas Travay Avanse (AWC)</b>	
Regleman	<p><a href="#">Regleman</a></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>● Elizibilite pou pwogram AWC a (Klas Travay Avanse) ap detèmine selon nòt elèv la fè nan egzamen TerraNova (3yèm edisyon) an, ke yo ofri an otòn pou elèv klas 3yèm ane yo. Epitou yo ofri l pandan kèk fen semèn (weekend) pandan otòn nan pou elèv ki nan klas 4yèm ak 5yèm ane ki pa t ko gen nòt pou egzamen TerraNova a oparavan.</li> </ul>

<p>Chanjman Pwopoze pou ane skolè 2020-2021</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Sispann regleman aktyèl yo pou en an.</li> <li>● Ranpli plas AWC klas 4yèm ane yo avèk elèv ki nan 5 lekòl suivan yo - Condon, Jackson-Mann, Murphy, Ohrenberger ak Quincy.</li> <li>● P ap genyen nouvo elèv nan klas 5yèm ak 6yèm ane yo, etandone ke genyen sèlman yon ti kantite plas ouvè pou klas sa yo.</li> <li>● Lanse yon gwoup travay pou gade kèk rekòmandasyon alontèm etandone ke to demann nan ak enskripsyon yo ap bese, epitou pou gade detèminasyon distri a oparavan ki di ke AWC se yon modèl pwogram ki inekitab.</li> </ul>
<p>Kèk Done Apwopriye</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Kantite elèv k ap antre nan pwogram AWC a nan klas 4yèm ane bese pa plis ke mwatye pandan setan ki sot pase yo, sot nan 303 pandan ane skolè 2014-2015 pou desann a 116 pandan ane skolè 2020-2021, kote ke te genyen 141 kandida.</li> <li>● Genyen pi piti ke 20 elèv ki enskri nan AWC chak ane ki soti andeyò distri a, e pifò elèv ki enskri nan AWC soti nan menm lekòl (53%).</li> <li>● Plis pase 90% nan 116 elèv k ap antre nan AWC nan klas 4yèm ane, ane sa a, enskri nan twa lekòl : Murphy K-8, Quincy Elementary, ak Ohrenberger.</li> <li>● Pou ane skolè 2020-2021 an, 453 elèv te resevwa envitasyon ,epi 116 te enskri nan AWC klas 4yèm ane. 60% nan envitasyon yo te rive jwenn elèv blan ak elèv azyatik. 71% nan elèv ki te enskri yo te blan e azyatik.</li> </ul>

Rekòmandasyon :

Selon enfòmasyon ki te prezante nan rezime sa a, m ap rekòmande pèmisyon pou pèmèt yon fleksibilite tanporè nan regleman yo pou rès ane skolè 2020-2021 an. Fleksibilite regleman sa yo va ede n rezoud kèk nan defi skolè kontinyèl sa yo elèv nou yo ap afwonte pandan pandemi COVID-19 la, e l va pèmèt nou devlope plis strateji k ap santre sou ekite k ap genyen pou objektif : rediksyon makman ki egziste nan opòtinite ak reyisit.